

Chigeloz

Kisa chigeloz ye?

Shigeloz se yon enfeksyon nan entesten ki lakòz pa yon bakteri ki rele *Shigella*. Li fasil anpil pou pwopaje l bay lòt moun epi konsa pafwa li mennen epidemi.

Kilès ki ka trape chigeloz?

Tout moun ka trape chigeloz, men li plis kouran lakay jèn timoun yo. Moun ki gen plis ris pou fè enfeksyon an gen ladan timoun ki nan sant gadri yo ak moun k ap viv nan enstitisyon yo. Epidemi yo pi souvan asosye ak move ijyèn, kondisyon lavi ki gen anpil moun, ak manje oswa dlo ki kontamine. Moun k ap vwayaje nan peyi devlope yo ak gason ki fè sèks avèk gason yo gen yon ogmantasyon risk pou ekspozisyon.

Kijan chigeloz pwopaje?

Bakteri a dwe antre nan bouch la pou lakòz enfeksyon. Moun ki enfekte ak *Shigella* elimine bakteri a nan matyè fekal yo (poumon). Apresa matyè fekal yo ka kontamine sifas, manje, oswa dlo yo. Moun yo ka vin enfekte lè yo touche sifas ki kontamine yo, lè yo pran bakteri a nan men yo epi apresa yo mete men yo nan bouch yo, oswa lè yo manje aliman ki kontamine oswa lè yo bwè dlo kontamine (ki gen ladan dlo nan pak rekreyatif yo pandan y ap naje). Moun ki enfekte yo ta dwe evite naje jiska aprè yo pa gen dyare ankò, epi yo ta dwe dekouraje timoun yo pou pa bwè dlo pisin nan. Moun ki jere manje epi ki enfekte yo ka kontamine manje si yo pa lave men yo byen aprè yo ale nan twalèt ak lè yo jere manje ke lòt moun manje. Men ki kontamine pandan y ap chanje daypè yo ka pwopaje maladi a tou (tankou nan anviwònman gadri yo). Lè yon moun ekspoze nan pou pou pandan kontak seksyèl avèk yon moun ki malad oswa yon moun ki fèk retabli de chigeloz ka pwopaje maladi a.

Ki sentòm chigeloz yo?

Moun ki fè chigeloz yo kapab genyen ti dyare oswa gwo dyare (pou pou ki mou), ki souvan akonpanye avèk lafyèk ak tras san oswa mikis nan pou pou a. Epitou kèk moun ki enfekte pral gen kè plen ak vomisman, pandan lòt moun pa montre okenn sentòm ditou.

Nan konbyen tan aprè ekspozisyon an sentòm yo parèt?

Sentòm yo ka prezante nenpòt lè soti youn jiska sèt jou aprè ekspozisyon an, men an jeneral nan lespas youn jiska twa jou aprè ekspozisyon an.

Kijan yo dyagnostik chigeloz?

Yo dyagnostike chigeloz pandan y ap reyalize tès laboratwa nan pou pou yo. Epi tou laboratwa a ka fè tès espesyal pou detèmine ki antibyotik, si genyen, ki t ap pi bon pou trete enfeksyon an.

Ki tretman ki genyen pou chigeloz?

Pifò moun ki fè chigeloz yo pral retabli san tretman. Moun ki gen dyare yo ta dwe bwè anpil likid. Nan pifò ka grav yo, yo kapab bay likid nan venn. Yo jeneralman itilize antibyotik pou trete ka ki grav yo oswa pou redwi dire bakteri a nan pou pou a, patikilyèman pou moun ki jere manje yo, timoun ki nan gadri, oswa moun ki nan enstitisyon yo.

Kijan yo prevni chigeloz?

Paske *Shigella* pase nan pou pou, sèl fason ki plis enpòtan pou anpeche pwopagasyon maladi a se byen lave men ak savon ak dlo tyèd aprè w fin itilize twalèt la oswa aprè w fin chanje daypè, epi anvan ak aprè w fin prepare manje. Li enpòtan tou pou evite manje ak dlo ki kontamine. Evite vale dlo pisin nan, epi pa antre nan dlo a pandan ou gen dyare a. Evite fè sèks pandan yon semèn aprè patnè ou an retabli de dyare a.

Pandan konbyen tan yon moun ki enfekte ka pote bakteri *Shigella* a?

Pifò moun elimine *Shigella* nan pou pou yo pandan youn jiska de semèn. Sèten antibyotik ka redwi tan *Shigella* a prezan nan pou pou yon moun ki enfekte.

Èske yo ta dwe ekskli yon moun ki enfekte de travay oswa lekòl?

Pifò moun ki enfekte yo kapab retounen travay oswa lekòl lè dyare yo a kanpe. Moun ki jere manje yo, pèsonèl oswa patisipan gadri yo, ak travayè swen sante yo jeneralman pa ka retounen nan travay la jiskaske yo fè de prelèvman pou pou epi yo pa devlope bakteri *Shigella*. Depatman sante a pral ede detèmine kilè moun nan anviwònman sa yo kapab retounen travay.

Kijan m ka aprann plis sou chigeloz?

- Si ou gen enkyetid sou chigeloz, kontakte founisè swen ante ou an.
- Rele depatman sante lokal ou an. Yon anyè depatman sante lokal yo disponib nan <http://www.vdh.virginia.gov/local-health-districts/>.
- Vizite sit entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a nan <https://www.cdc.gov/shigella/>.